

Kisa pou ou fè **Aprè ICE Mete Yon Moun Pwòch Ou Nan Prizon**



Kesyon Moun Poze Souvan

ICE te arete moun pwòch mwen an. Kijan pou mwen jwenn li?

Si Otorite Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) mete moun pwòch ou an nan prizon Vil New York oswa ozalantou Vil New York, yo pral trete ka li nan yon biwo ICE nan Manhattan epi apre sa, gen pi gwo chans pou yo transfere li nan yon prizon, swa nan New York oswa nan New Jersey. Yo bezwen 1 jou pou fin travay sou dosye yo.



Èske li san danje pou vizite moun pwòch mwen an? Kijan pou m ka fè wè li epi voye lajan pou li?

Souvan moun ki san papye al vizite moun pwòch yo epi anjeneral, yo pa dwe siyale sityasyon imigrasyon vizite yo*. Men, li enpòtan pou tcheke egzijans chak prizon nan afè idantifikasyon ak si wi ou non yo verifye kazye jidisyè. Chèche enfòmasyon yo la a: ice.gov/detention-facilities, epi rele prizon an pou konfime enfòmasyon yo. Yo dwe mete ou sou lis vizit moun pwòch ou an epi ou ka rann vizit sèlman nan jou ak lè etablisman an fikse espesyalman.

***Remak:** Si ou krenn yon pwoblèm ki gen nan pwòp dosye ou oswa sityasyon imigrasyon ou mete ou nan risk si ou al rann vizit, ou ta dwe konsilte yon avoka.

Kijan pou moun pwòch mwen an fè jwenn yon avoka?

Gouvènman Ameriken an pa bay avoka pou imigran yo menase depòte. Y ap nommen yon avoka pou sèten moun grasa **Pwojè Inite Fanmi Imigran New York (New York Immigrant Family Unity Project, NYIFUP)**, yon pwogram NYC finanse pou bay avoka kalite siperyè gratis, pou Nouyòkè ICE arete ki gen yon dosye nan tribinal imigrasyon.

NYIFUP ap bay yon avoka gratis pou moun ki kalifye yo (sa gendwa fèt touswit apre premye odyans kalandriye prensipal la) SI yo arete li EPI:

- Dosye depòtasyon an se nan **Tribinal Imigrasyon Varick St.** OSWA moun lan se yon **rezidan Vil New York** epi dosye a nan yon **Tribinal New Jersey**;
- Moun ki nan prizon an **pa gen yon avoka deja**;
- Sa se **premye odyans lan nan tribinal imigrasyon pou dosye sa a**; epi
- Revni moun nan kay la **pi ba ke 200%** Gid Federal sou Povrete a (Federal Poverty Guidelines).

Pou konfime yo mete yon moun pwòch ou nan prizon, ou ka sèvi avèk lokalizatè ICE lan sou entènèt nan:

locator.ice.gov

Pou itilize Lokalizatè a, ou bezwen nimewo A moun pwòch ou an:

Peyi kote li fèt AK **"nimewo A"***
oswa

Peyi kote li fèt, prenon, non fanmi, (ou dwe eple Non yo kòrèkteman) ak dat nesans.

Pa gen danje pou itilize lokalizatè a.

KONSÈY: Yon "nimewo A" se yon nimewo idantifikasyon ki gen 8 oswa 9 chif apre yon lèt A, epi ou jwenn li sou pifò dokiman imigrasyon yo epi l ap disponib tou sou braslè moun pwòch ou an lè yo mete li nan prizon.

Si ou pa genyen li, mande moun pwòch ou an nimewo a lè ou pran nouvèl li.

Pa egzanp: **A 200-300-4XX**

Sèten moun P AP jwenn yon avoka atravè NYIFUP. Tanpri konnen NYIFUP reprezante moun ki gen dosye imigrasyon annatant devan yon Jij Imigrasyon epi li pa bay reprezantasyon pou moun ki te deja gen lòd depòtasyon anvan oswa ki p ap gen yon dosye ki louvri - gade plis anba a.

Kilè li nesèsè pou pale ak yon avoka imigrasyon TOUSWIT?


- Si yon jij te deja bay lòd pou yo depòte li (pou yon dat li rate nan tribinal oswa paske li pèdi pwosè a), OSWA
- Li te gen kontak ak imigrasyon sou fwontyè a epi li ka te pase nan “depòtasyon rapid” nan fwontyè a - ki se yon fòm administratif rapid pou depòtasyon san ou pa wè yon jij, OSWA
- Si y ap transfere li andeyò zòn New York/New Jersey; OSWA
- Si li te antre nan peyi a sou pwogram egzanpsyon viza.

Si nenpòt nan sa yo te rive, li ka annafè ak yon depòtasyon rapid epi ou ta dwe konsilte touswit yon avoka imigrasyon ou ka fè konfyans pou eseye bloke depòtasyon an. Li nesèsè pou jwenn tout dokiman ki gen rapò ak nenpòt pwosedi imigrasyon anvan ke moun pwòch ou an te ka genyen. Si moun pwòch ou an p ap kalifye pou NYIFUP, kontakte sèvis asistans nan telefòn annapre la yo pou jwenn yon avoka imigrasyon ou ka fè konfyans:

- **Pou moun ki abite nan Vil New York:** rele Action NYC nan 1-800-354-0365 oswa rele 311 epi di “Action NYC”
- **Pou moun ki abite nan Eta New York andeyò Vil New York yo,** kontakte sèvis asistans nan telefòn Biwo Nouvo Ameriken yo (Office of New Americans) nan 1-800-566-7636

Kijan pou nou fè konnen kilè premye dat nan tribinal la pral ye?

Pou konnen kilè ak kikote dat tribinal la pral ye, rele nan **1-800-898-7180** epi mete **nimewo A** a. Enfòmasyon sa yo disponib an Panyòl tou.



***Remak:** Si li parèt nan sistèm lan, men li *pa* gen yon dat tribinal, **Peze 3** pou verifye ansyen desizyon yo. Si li endike yon tribinal “te bay lòd pou depòtasyon”, sa vle di moun pwòch ou an pa pral gen yon nouvo odyans. - gade anwo a nan “Kilè li nesèsè pou pale ak yon avoka imigrasyon TOUSWIT?”

Konbyen tan yo pral kenbe li nan prizon?

Sa se yon kesyon ki difisil pou reponn epi li depann de ka a prezizeman. Gouvènman an panse se kèk moun sèlman ki kalifye pou yon odyans pou kosyon devan yon Jij Imigrasyon. Si moun pwòch ou an se yon moun gouvènman an panse ki pa kalifye pou yon odyans pou kosyon, ka gen lòt fason pou konteste detansyon li. Sa pral mande yon revizyon dosye li ak anpil atansyon avèk yon avoka ki gen eksperyans. Si yo te akòde yon kosyon, epi ou pa gen mwayen pou peye li, pou ou kalifye pou **Fon pou Libète Imigran New York (New York Immigrant Freedom Fund)**, depoze yon kosyon pou ou, ou gendwa rele nan **347-427-9353**.

Ki lòt bagay mwen dwe fè touswit?

Premyèman, si te gen yon temwen dirèk, ekri tout bagay ki te pase lè yo te arete moun pwòch ou an avèk tout kantite detay ou ka sonje. Dezyèmman, rapòte arestasyon a! Kontakte **Pwojè Defans Imigran (Immigrant Defense Project)** an nan **212-725-6422**.